



## Kesyon ki Poze Souvan pou Paran yo/Responsab yo

Genyen lyen ak resous sou dènye paj la nan dokiman sa a.

### Kesyon Jeneral sou Pwogram lan

#### Kisa ki Indiana SUN Bucks?

EBT Estival, ki gen mak Indiana SUN Bucks, se yon nouvo pwogram pèmanan pou founi lajan bay kò kay ki genyen timoun nan laj lekòl pou yo achte manje pandan ete a. Kò kay yo pral resevwa \$120 pou chak timoun ki kalifye, pou yo depanse pandan mwa ete yo. Timoun yo dwe elijib pou repa gratis oubyen pri redwi nan lekòl ki kalifye epi fòk elijibilite etabli chak ane.

#### Kijan SUN Bucks finanse?

SUN Bucks finanse pa Eta Indiana a ak Ministè Agrikilti Etazini a (USDA).

#### Kiyès ki kalifye pou SUN Bucks?

Timoun nan laj lekòl yo elijib pou Indiana SUN Bucks si:

- Kò kay la déjà patisipe nan SNAP, TANF, oubyen Medicaid selon revni, oubyen
- Elèv la te idantifye kòm responsab leta a (timoun adopte), sanzabri, oubyen migran, oubyen
- Elèv la asiste yon lekòl ki ofri Pwogram Manje Midi Lekòl Nasyonal la (NSLP), epi revni kò kay satisfè egzijans yo pou repa nan lekòl gratis oubyen a pri redwi.

#### Kisa ki definisyon timoun nan laj lekòl?

Timoun laj sèt lane rive 18 lane oblige ale lekòl nan Indiana, epi se poutèt sa nou konsidere yo kòm "nan laj lekòl." Elèv yo dwe genyen sèt lane anvan Vandredi 16 Out, oubyen 18 lane nan jou oubyen anvan Mèkredi 22 Me, pou yo elijib pou benefis SUN Bucks pou 2024. Timoun ki pi piti oswa pi gran pase laj sa yo, epi ki anwole nan yon lekòl jadandanfan jis 12yèm ane k ap opere NSLP kapab elijib depi yo apwouve pou repa gratis oubyen pri redwi.

#### Pitit mwen fè lekòl lakay, èske nou kapab resevwa SUN Bucks?

Fanmi ki fè lekòl lakay yo ki resevwa SNAP, TANF, oubyen kèk Medicaid selon revni, oubyen ki genyen timoun adopte, migran, oubyen sanzabri, elijib pou yo resevwa benefis sa a. Fanmi ki enterese yo dwe ranpli aplikasyon sa a epi nou pral mande yo depoze yon nimewo dosye Administrasyon Sèvis Familyal ak Sosyal (FSSA) ki valab oubyen deziyen estati kategorik yo a (adopte, migran, sanzabri). Apre sa nou pral revize aplikasyon an pou detèmine elijibilite. Kò kay yo ki fè lekòl lakay pa kapab kalifye pou SUN Bucks selon revni kò kay la.

#### Kiyès ki bezwen ranpli aplikasyon SUN Bucks anliy lan?

Kò kay swivi yo bezwen ranpli aplikasyon SUN Bucks anliy lan:

- Kò kay avèk timoun k pa asiste yon lekòl k ap opere Pwovizyon Elijibilite Kominotè a (CEP), kote tout repa yo gratis pou elèv yo, epi ki poko notifye de elijibilite otomatik pou SUN Bucks.
- Kò kay avèk timoun k ap asiste yon lekòl k ap opere NSLP ki pa te apwouve pou repa gratis oubyen pri redwi pandan ane skolè a.
- Kò kay avèk timoun ki pa asiste yon lekòl k ap opere NSLP epi ki resevwa SNAP, TANF, sèten nivo Medicaid selon revni, oubyen ki adopte, migran, oubyen sanzabri.

### **Konbyen lajan mwen pral jwenn?**

SUN Bucks distribye kòm \$120 yon sèl kou pou chak timoun elijib. Montan sa a fèt pou li ede fè makèt pandan tout ete a.

### **Èske mwen bezwen sere kat mwen chak ane?**

Non. Apre w fin depanse fon yo, kò kay yo kapab jete kat SUN Bucks yo a. Nou pral bay nouvo kat chak ane pou tout timoun ki elijib yo.

### **Elijibilite**

#### **Kijan pou mwen sètifye dirèkteman?**

Sètifikasyon dirèk se yon sistèm eta a ki idantife kò kay avèk timoun k ap resevwa SNAP, TANF, kèk Medicaid selon revni, oubyen ki responsab leta a (adopte). Lekòl ki opere NSLP a sèvi avèk sistèm sa a pou kalifye timoun otomatikman pou repa gratis oubyen a pri redwi. An plis de sa, avèk èd lyezon lekòl oubyen leta, timoun ki satisfè definisyon sanzabri oubyen migran yo kapab sètifye dirèkteman pou repa gratis nan lekòl k ap opere NSLP yo.

Si lakay w genyen timoun k pa ale nan yon lekòl NSLP yo, sa enkli timoun ki fè lekòl lakay oubyen vityèl, ou kapab kalifye pou SUN Bucks sèlman atravè sètifikasyon dirèk. Tanpri depoze yon [aplikasyon SUN Bucks anliy](#) avèk yon nimewo dosye FSSA valab oubyen kache deziyasyon adopte, sanzabri, oubyen migran an.

#### **Mwen responsab yon timoun mwen konsidere pitit adopte mwen an. Èske li kalifye pou SUN Bucks?**

Se sèlman timoun adopte ki responsab Eta Indiana yo ki elijib pou SUN Bucks. Akò responsabilite enfòmèl oubyen fòmèl yo pa kalifye kòm adopte anba definisyon USDA a. USDA defini yon timoun adopte kòm, "yon timoun ki plase pa yon tribinal oubyen ajans byennèt timoun Eta fòmèlman. Kit li plase pa ajans byennèt timoun Eta a oubyen yon tribinal, pou yon timoun konsidere elijib kategorikman pou repa gratis, fòk Eta a kenbe gad legal timoun nan. Definisyon sa a pa aplike pou aranjman enfòmèl oubyen plasman responsab pèmanan ki kapab egziste an deyò sistèm Eta oubyen tribinal. [7 CFR 245.2]"

#### **Si pitit mwen asiste yon pwogram kote yo founi repa yo atravè Pwogram Sèvis Manje Ete a (*Summer Food Service Program*) (SFSP) èske mwen toujou elijib pou SUN Bucks?**

---

Ou kapab depoze kesyon ki gen rapò avèk SUN Bucks atravè [fòmilè anliy](#).

Wi, SUN Bucks se yon benefis siplemantè pou ede konble bidjè w pou fè makèt lè pa gen lekòl pandan ete a. Ou kapab sèvi avèk li menm si pitit ou jwenn repa gratis pandan ete a atravè lòt pwogram. Ou kapab rele 1-866-3-HUNGRY oubyen 1-877-8-HAMBRE (oubyen voye yon tèks nan 914-342-7744 avèk mo kle a “summer meals”) pou jwenn lokal pou sèvis repa gratis ki pi pre w la.

### **Èske genyen restriksyon selon estati imigrasyon pou resevwa SUN Bucks?**

SUN Bucks disponib kèlkeswa estati sitwayènte oubyen imigrasyon epi li p ap afekte estati imigrasyon aktyèl ou a.

### **Kesyon sou Benefis yo**

#### **Ki dènye jou pou aplike?**

Fòk nou resevwa aplikasyon pou Ete 2024 anvan Vandredi 16 Out.

#### **Ki sitwèb pou aplike pou SUN Bucks?**

Aplikasyon SUN Bucks anliy lan [disponib isit.](#)

#### **Èske aplikasyon an disponib nan lòt lang?**

Itilizatè yo kapab itilize Google Translate pou sitwèb yo. Tanpri swiv [enstriksyon sa yo.](#)

#### **Èske mwen kapab aplike avèk yon aplikasyon papye?**

Wi, IDOE pral distribye plis enfòmasyon sou aplikasyon an sou papye byento. Aplikasyon papye yo dwe genyen so lapòs ki pa pita pase Vandredi 16 Out, pou yo elijib pou benefis pou 2024.

#### **Mwen pa te janm resevwa kat benefis mwen an. Kijan pou mwen jwenn li?**

Tanpri depoze yon demann pou èd nan [fòmilè sa a](#) epi yon Espesyalis SUN Bucks pral repòn ou byento.

#### **The card was sent to the wrong address. How can I update my address?**

Tanpri depoze yon demann pou èd nan [fòmilè sa a](#) epi yon Espesyalis SUN Bucks pral repòn ou byento.

#### **Ki kote mwen kapab sèvi avèk SUN Bucks?**

Sèvi avèk SUN Bucks tout kote yo aksepte benefis EBT. Ou kapab itilize benefis yo pou achte manje sèlman. Makèt yo pa kapab ba w monnen oubyen remèt lajan kach nan yon tranzaksyon benefis manje. Se sèlman kontan acha manje egzak la ki kapab redwi nan kont benefis manje a. Si w pòte yon bagay tounen ak yon kont SNAP, montan sa ou pòte tounen a pral ajoute sou kat EBT a kòm yon kredi. Yo pa kapab bay lajan kach pou bagay w ap remèt selon lalwa federal. Pa genyen montan minimòm pou chak tranzaksyon ni limit maksimòm sou kantite tranzaksyon.

---

Ou kapab depoze kesyon ki gen rapò avèk SUN Bucks atravè [fòmilè anliy.](#)

**Kilè SUN Bucks lan pral ekspire?**

Benefis ki pa itilize yo ekspire 122 apre dat emisyon. Tanpri itilize benefis la pandan delè sa. Yon fwa yo ekspire, ou pa kapab rechaje benefis la.

**Ki kalandriye ki genyen pou peman yo?**

Benefis SUN Bucks yo peye yon sèl kou pou tout ete a. Kò kay ki anwole otomatikman pral resevwa kat pa yo nan kòmansman mwa Jen. Moun ki aplike pita yo pral jwenn kat pa yo tou chaje avèk \$120 pou chak timoun elijib vè kat a sis semèn apre yo apwouve.

**Kilè mwen pral resevwa kat mwen an?**

Kò kay ki notifye sou elijibilite otomatik, epi sa ki aplike anvan Mèkredi 1e Me yo, pral resevwa kat pa yo nan kòmansman mwa Jen an. Moun ki aplike ant Mèkredi 1e Me yo, ak Vandredi 16 Out yo, ap trete epi yo pral resevwa kat pa yo tou chaje avèk \$120 pou chak timoun elijib pi vit ki posib apre yo apwouve a.

**Èske mwen pral resevwa yon kat pou tout timoun yo oubyen kat separe pou chak timoun elijib?**

Kò kay yo pral resevwa yon kat pou chak timoun elijib. Chak kat pral pre-chaje avèk benefis konplè a ki se \$120.

**Sipò**

**Mwen te notifye sou elijibilite otomatik kò kay mwen an, men mwen pa vle SUN Bucks, kijan pou mwen dezenskri nan pwogram sa a?**

Tanpri soumèt enfòmasyon w nan [fòmilè èd anliy](#) lan.

**Mwen te dezenskri nan benefis SUN Bucks, men mwen deside mwen vreman bezwen yo.**

**Èske mwen kapab re-enskri?**

Tanpri soumèt enfòmasyon w nan [fòmilè èd anliy](#) lan.

**Ki kote pou m ale si mwen bezwen èd?**

Indiana SUN Bucks genyen yon [fòmilè èd anliy](#) osi byen ke nimewo telefòn sèvis kliyantèl nan 317-234-4528.

**Kilè pou mwen kontakte lekòl mwen olye de itilize fòmilè èd lan?**

Si pitit ou asiste yon lekòl ki opere NSLP, ou kapab kontakte yo avèk kesyon sou elijibilite otomatik pitit ou a. Si w gen lòt kesyon, tanpri itilize [fòmilè èd anliy](#) lan.

**Si mwen te notifye ke mwen te apwouve, men mwen pa jwenn yon kat, kiyès pou m kontakte?**

Tanpri soumèt yon tikè sou [fòmilè èd anliy](#) lan. Yon rezendant sèvis kliyantèl pral kontakte w byento.

## Oryantasyon sou Maketing ak Kominikasyon

M ap rezante yon òganizasyon kominotè. Kijan mwen kapab ede?

Ede gaye nouvèl la sou SUN Bucks. Ou kapab wè Kit Sansibilizasyon Kominotè a [isit](#).

## Resous ak Lyen

Sitwèb SUN Bucks: <https://in.gov/doe/nutrition/indiana-sun-bucks-summer-ebt>

Lyen Aplikasyon SUN Bucks: <https://indianasunbucks.com/>

Fòmilè Èd SUN Bucks: <https://idoe.atlassian.net/servicedesk/customer/portal/11>

Enfòmasyon sou USDA pou Fanmi yo: <https://www.fns.usda.gov/sebt/household>